



**ÈSKE PITIT OU GEN PWOBLÈM
POU L APRANN LI?**

Èd ou bezwen an la!



Reading Scholarship Accounts

An 2018, Florida vin premye eta ki kreye yon kont pwogram edikatif pou elèv lekòl piblik. Reading Scholarship la ke Step Up For Students administre, se yon bousdetid ki kreye pou elèv lekòl piblik ki nan twazyèm ane rive nan senkyèm ane (3^{zyèm} ane – 5^{yèm} ane) ki gen difikilte pou yo aprann li ak ekri anglè. Pwogram nan ofri paran yo yon kont edikatif ki vo \$500 pou chak elèv, pou peye pou frè leson prive, frè pwogram èd pou after school ak summer school, frè materyèl skolè ak pwogram akademik ki asosye avèk èd pou aprann li ak èd nan litirati Anglè.

Ki elèv Ki Kalifye?

- Elèv lekòl piblik ki ant twazyèm ane ak senkyèm ane (3^{zyèm} ane – 5^{yèm} ane) ki te fè yon nòt 1 oubyen 2 pou matyè Lang ak Literati Anglè pou Tès Evalyasyon leta Florida la pou ane ki fenk pase a.
- Elèv ki klase kòm Elèv k'ap Aprann Lang Anglè a, elèv ki enskri nan yon pwogram oubyen k'ap resevwa sèvis edikatif spesyal nan Lang Anglè a, ap resevwa priyorite.

Kisa Reading Scholarship la Ye?

- Chak Bousdetid yo vo \$500 ke w kapab itilize pou ranbousman oubyen sa yo:
 - » Frè pou leson prive ke elèv la resevwa nan men yon profesè ki gen yon lisans edikasyon ki valab nan Florida, yon bachelor oubyen yon diplòm edikasyon siperyè, yon sètifika pwofesè adjwen, oubyen yon moun ki demontre konesans nan matyè debaz ke elèv yo bezwen.
 - » Frè pou peye pou pwogram edikasyon pandan summer school ki la pou ede elèv yo aprann li oubyen konpetans nan litirati Anglè.
 - » Frè pou peye pou pwogram edikasyon after school ki ap ede elèv yo aprann li oubyen pwogram èd nan litirati Anglè.
 - » Materyèl pou enstriksyon ak pwogram akademik ki asosye avèk aprann li oubyen pwogram èd nan litirati Anglè.
- Pye kout pran devan, paske Lajan pou Pwogram nan limite!

Kijan Pou w Aplike?

Pou tout enfòmasyon ale sou sitwèb StepUpForStudents.org.

Kesyon sou Reading Scholarship?

✉ reading@sufs.org ☎ Liy dirèk Bousdetid la 877-735-7837

f StepUp4Students

➔ sufs.org

🐦 @StepUp4Students

Jwen 2018 pou Ane Akademik 2018-19.